

**Rezolisyon pou afime Lekòl Piblik Lynn yo (Lynn Public Schools) kòm Sanktyè an Sekirite epi ki Akeyan pou tout elèv yo**

ALÒSKE, misyon Lekòl Piblik Lynn ("LPS") se pou kenbe yon kominote lekòl miltikiltirèl ki dedye a reyalizasyon tout potansyèl entèlektyèl, fizik, sosyal ak emosyonèl elèv li yo;

ALÒSKE, LPS angaje pou ofri yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite epi akeyan pou ogmante siksè ak aksè pou tout elèv, kelkeswa estati imigrasyon, orijin nasyonal, etnisite, ras, relijyon, oryantasyon seksyèl, sèks ak idantite seksyèl, sitiyanasyon sosyo-ekonomik, sitiyanasyon andikap, oswa kwayans;

ALÒSKE, Vil la rich epi ranfòse ak divès eritaj kiltirèl li yo, popilasyon miltinasyonal, ak atitud akeyan anvè moun ki fèk vini yo;

ALÒSKE, edikasyon jwe yon wòl enpòtan nan kontinye favorize tolerans ak enklizyon nan sosyete nou an;

ALÒSKE, Konstitisyon Etazini an entèdi eta yo pou refize bay elèv yo yon edikasyon piblik elemantè oswa segondè baze sou kondisyon imigrasyon yo;

ALÒSKE, Lwa sou Dwa Sivil nan 1964 entèdi diskriminasyon baze sou ras, koulè, oswa orijin nasyonal, pami lòt faktè, pa lekòl primè ak lekòl segondè piblik (Tit IV) ak moun k ap resevwa asistans finansye federal (Tit VI);

ALÒSKE, Dwa Edikasyonèl Fanmi ak Lwa sou Prive nan 1974 la ("FERPA") ak Lwa Massachusetts la anjeneral entèdi distri lekòl yo ak anplwaye yo pou yo divilge enfòmasyon ki soti nan dosye edikasyon yon elèv pou bay yon twazyèm pati san konsantman alekri yon paran, yon gadyen legal, oswa elèv la;

ALÒSKE, Depatman Homeland Security ("DHS") nan Etazini ak predesès li yo te repete e sètifye kòm yon politik jeneral ke ofisye lapolis imigrasyon federal yo dwe jwenn apwobasyon davans nan men ofisyèl DHS nan grad pi wo yo anvan yo fè tout aksyon ranfòsman - tankou arestasyon, entèvyou, fouy, oswa siveyans - nan oswa konsantre sou lekòl yo, ke DHS te deziyen kòm "kote ki sansib";

ALÒSKE, LPS gen swen pou gade elèv pandan jounen lekòl la ak pandan lè yo apwouve aktivite ki pa nan pwogram akademik lan, epi se responsablite LPS pou pwoteje dwa chak elèv konsènan entèraksyon avèk otorite lapolis yo;

ALÒSKE, LPS pa mande pou kondisyon imigrasyon lè fanmi yo enskri timoun yo nan lekòl yo; ak

ALÒSKE, prezans ofisye lapolis imigrasyon federal yo nan lokal lekòl la oswa pandan aktivite lekòl la ap deranje anviwònman edikasyonèl la epi li pral fè yon move efè sou enskripsyon elèv ak prezans yo;

**KOUNYE A, SE POUTÈT SA, se pou gen:**

**REZOLISYON:** Ke tout elèv LPS yo gen menm dwa a yon edikasyon piblik gratis ak sèvis lekòl ki asosye, e ke yo ap trete tout elèv LPS yo menm jan kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo;

**REZOLISYON:** Ke pèsonèl LPS pa dwe mande enfòmasyon sou, dosye, oswa mande enfòmasyon pou revele estati imigrasyon yon elèv, oswa yon manm fanmi yon elèv oswa yon fiti elèv. Konfòmman a dwa edikasyon

familial ak vi prive ("FERPA"), pèsonèl LPS pa dwe divilge, san konsantman paran, estati imigrasyon oswa lòt enfòmasyon ki idantifye pèsonèlman nenpòt elèv, fiti elèv, oswa manm fanmi yon elèv oswa yon fiti elèv. Pèsonèl LPS yo va refize tout enfòmasyon volontè pataje ak ajan imigrasyon yo atravè tout aspè nan distri a nan tout mezi akseptab pa lalwa.

**REZOLISYON:** Ke tout ofisye lapolis imigrasyon federal yo, oswa lòt anplwaye ki ap travay pou ede ofisye lapolis imigrasyon federal ki mande pou antre nan nenpòt bilding Lekòl Piblik Lynn (Lynn Public School) yo dwe vini nan biwo prensipal bilding sa a pandan ke yo ap voye notifikasyon an bay sipèentandan an. Sipèentandan an ap avèti Avoka pou Lekòl Piblik Lynn yo epi apre sa, imedyatman ale nan lekòl la pou rankontre epi mande pou kalifikasyon ajan imigrasyon an, rezon ajan yo vizite, epi yon kopi manda ki siyen pa yon Jij federal oswa Jij deta oswa Majistra Jidisyè. Aksè pa dwe akòde si pa gen yon manda ki valab ki siyen pa yon Jij federal oswa Jij deta oswa Majistra Jidisyè.

**REZOLISYON:** Ke tout sitasyon oswa lòt demann LPS resevwa pou nenpòt enfòmasyon nan dosye edikasyon yon elèv dwe transfere imedyatman bay Avoka LPS ki, lè yo detèmine repons a sitasyon oswa demann sa yo, dwe konsilte avèk Sipèentandan an epi li dwe egzèse tout otorite legal LPS pou pwoteje dwa konstitisyonèl ak legal elèv LPS yo;

**REZOLISYON:** Ke nan lespas 90 jou kap vini yo, Sipèentandan an ap devlope yon plan pou fòme pwofesè, administratè ak lòt anplwaye sou règleman sa a ak sou pi bon pratik pou asire byennèt elèv ki ka afekte pa aksyon imigrasyon yo. Plan sa a dwe aplike nan senk pwochen mwa yo, epi sa pral repete chak ane;

**REZOLISYON:** Ke LPS pral distribiye yon lèt ki rezime sa ki nan rezolisyon sa yo bay anplwaye ak paran yo nan tout lang ki komen nan Vil la. Lèt sa a ap afiche nan LPS Sant Enfòmasyon Paran an epi lap nan lang apwopriye paran yo oswa gadyen fiti elèv yo;

**REZOLISYON:** Ke LPS pral fè disponib nan chak lekòl pou nenpòt ki fanmi jwenn aksè, epi distribiye bay chak elèv, yon lis resous ki gen ladan òganizasyon ki baze sou kominote yo, òganizasyon sèvis legal, ak lòt enfòmasyon parèy. Lè ak kote ki posib, yo pral founi tradiksyon oswa aksè a tradiksyon pou materyèl sa yo; ak

**REZOLISYON:** Ke yo delivre yon kopi rezolisyon sa yo bay Pwokirè Jeneral Massachusetts la ak reprezantan federal, eta, ak lokal Lynn yo.

**Adopte pa Komite Lekòl la: 11 Me 2017**